| QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI MOYNAQ RAYONI HAKIMININ' SHESHIMI | | QORAQALPOG'ISTON RESPUBLIKASI MUYNOQ TUMANI HOKIMINING QARORI |
|---|---|---|

Moynaq rayoni № 05/593 «22» - мая 2018-jil

**«Мойнақ районы ҳәкимлигинде физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары менен ислесиў тәртиби ҳаққында»ғы Режени тастыйықлаў туўралы**

«Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары ҳаққында»ғы Өзбекистан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Нызамларына муўапық ҳәмде Өзбекистан Республикасы Министрлер Кабинетиниң 2018-жыл 7-майдағы «Мәмлекетлик органларында, мәмлекетлик мәкемелерде ҳәм мәмлекет қатнасындағы шөлкемлерде физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары менен ислесиў тәртиби ҳаққындағы Үлгили нызамды тастыйықлаў ҳаққында»ғы 341-санлы, Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2018-жыл 14-майдағы 324-санлы қарарларының орынланыўын тәмийинлеў мақсетинде,

**Мойнақ районы ҳәкиминиң ШЕШИМИ:**

1. Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2018-жыл 14-майдағы 324-санлы қарары орынлаў ушын басшылыққа алынсын.

2. «Мойнақ районы ҳәкимлигинде физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары менен ислесиў тәртиби ҳаққында»ғы Реже 1-қосымшаға муўапық тастыйықлансын.

3. Район аймағындағы мәкеме, кәрхана, шөлкемлери бир ай мүддетте:

усы шешим менен тастыйықланған Нызам тийкарында физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары менен ислесиў тәртиби ҳаққындағы нызамларын ислеп шықсын ҳәм тастыйықласын.

өзлериниң норматив-хуқықый ҳүжжетлерин усы шешимге муўапықластырсын.

3. Мойнақ районы ҳәкиминиң 2-қосымшаға муўапық айрым шешимлери өз күшин жойтқан деп есаплансын.

3. Усы шешимниң орынланыўын қадағалаў район ҳәкиминиң орынбасарларына (А.Курбаниязов, И.Мырзамбетов, Б.Менглибеков, А.Утеўлиев, А.Сейлханов, З.Утегенова) жүкленсин.

**Мойнақ районы ҳәкими:** KÓSHIRME DURÍS **С.Данияров**

QARAQALPAQSTAN RESPUBLIKASI MOYNAQ RAYONI HÁKIMLIGI * KANCELYARIYA

Мойнақ районы ҳәкиминиң
2018-жыл «___» ___
___-санлы шешимине
1-қосымша

**Мойнақ районы ҳәкимлигинде физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары менен ислесиў тәртиби ҳаққында**
**РЕЖЕ**

## 1-бап. Улыўма қағыйдалар

1. Усы Реже (кейинги орынлада Реже деп аталады) «Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары ҳаққында»ғы Өзбекистан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Нызамларына (кейинги орынларда Нызам деп аталады) муўапық Мойнақ районы ҳәкимлигинде физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары (кейинги орынларда мүрәжат деп аталады) менен ислесиў тәртибин белгилейди.

**2. Усы Режениң әмел етиўи:**

көрип шығыў тәртиби ҳәкимшилик жуўапкершилик ҳаққындағы, пуқаралық процессуал, жынаят-процессуал, жынаят-орынлаў, экономикалық процессуал нызам ҳүжжетлери ҳәм басқа нызамлар менен белгиленген мүрәжатларға;

мәмлекет органларының, шөлкемлериниң, сондай-ақ олар қурамындағы бөлимлериниң өз-ара жазыспаларына қарата енгизилмейди.

**3. Усы Режеде төмендеги тийкарғы түсиниклер қолланылады:**

**арза** – хуқықларды, еркинликлерди ҳәм нызамлы мәплерин әмелге асырыўда жәрдем көрсетиў ҳаққындағы өтиниш баян етилген мүрәжат;

**усыныс** – мәмлекетлик ҳәм жәмийетлик жумысларын жетилистириўге қаратылған пикирлерди өз ишине алған мүрәжат;

**шағым** – бузылған хуқықларды, еркинликлерди тиклеў ҳәм нызамлы мәплерди қорғаў ҳаққындағы талап баян етилген мүрәжат;

**аноним мүрәжат** – физикалық шахстың фамилиясы (аты, әкесиниң аты), оның жасаў орны ҳаққындағы мағлыўматлар яки юридикалық шахстың толық атамасы, оның жайласқан орны (почта мәнзили) ҳаққындағы мағлыўматлар көрсетилмеген ямаса олар ҳаққында жалған мағлыўматлар көрсетилген мүрәжат, сондай-ақ, оны идентификация етиў имканиятын бермейтуғын электрон мүрәжат яки имза менен тастыйықланбаған жазба мүрәжат;

**мүрәжаттың дубликаты** – қандайда бир физикалық яки юридикалық шахстың мәрәжатының көширме нусқасы;

**тәкирарий мүрәжат** – алдынғы мүрәжаты бойынша қабыл етилген қарар үстинен шағым етилген яки басқаша тәризде наразылық билдирилген, сондай-ақ, егер тәкирарий мүрәжат келип түскен ўақытта көрип шығыўдың нызам ҳүжжетлеринде белгиленген мүддети питкен болса, алдынғы мүрәжат өз ўақтында көрип шығылмағанлығы ҳаққында хабар етилген, қандайда бир физикалық яки юридикалық шахстан келип түскен мүрәжат;

**электрон мүрәжат** – белгиленген тәртипте мәлимлеме-коммуникация технологиялары куралллары арқалы берилген, соның ишинде район ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайтына жайластырылған мүрәжат, реал ўақыт режиминде мәлимлеме-коммуникация технологияларынан пайдаланған ҳалда берилген аўызеки мүрәжатлар буннан тысқары.

**ғалабалық қабыллаў** – район ҳәким ҳәм оның орынбасарларының физикалық шахслар ҳәм юридикалық шахслардың ўәкиллери менен ғалабалық ушырасыўларында мүрәжатларды қабыл етиўге қаратылған ҳәрекетлер;

**видео-конференц-байланысы** – узақта жайласқан бир неше абонентлердиң реал ўақыт режиминде аудио ҳәм видео хабар алмасыў имканияты менен мәлимлеме-коммуникация технологияларынан пайдаланған ҳалда интерактив бирге ислесиўи;

**мәмлекет қатнасыўындағы шөлкем** – устав фондында мәмлекет үлеси болған коммерциялық шөлкем ямаса толық яки белгили бөлеги мәмлекет органы тәрепинен шөлкемлестирилген коммерциялық емес шөлкем.

4. Мүрәжатлар аўызеки, жазба яки электрон формада арза, усыныс ҳәм шағым түринде берилиўи мүмкин.

Район ҳәкимлигиниң «исеним телефоны»на келип түскен мүрәжатлар аўызеки мүрәжат сыпатында усы Режеде белгиленген тәртипте қабыл етиледи, дизимге алынады ҳәм көрип шығылады.

Район ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайты арқалы яки рәсмий электрон почта мәнзилине келип түскен мүрәжатлар электрон мүрәжатлар тәрзинде қабыл етиледи ҳәм усы Режеде белгиленген тәртипте көрип шығылады.

Өзбекистан Республикасы Президентиниң Виртуал қабыллаўханасы, Интернет тармағында, Бирден бир интерактив мәмлекет хызметлери порталы (Ҳүкиметлик порталы) арқалы келип түскен мүрәжатлар электрон мүрәжатлар тәрзинде қабыл етиледи ҳәм Министрлер Кабинетиниң 2016-жыл 3-июньдағы 188-санлы қарары менен тастыйықланған Интернет тармағында Өзбекистан Республикасының Ҳүкиметлик порталы ҳаққындағы нызам талаплары есапқа алынған ҳалда усы Режеде белгиленген тәртипте көрип шығылады.

Ғалаба хабар қураллары редакцияларынан келип түскен мүрәжатлар Нызамда ҳәм усы Режеде нәзерде тутылған тәртипте ҳәм мүддетлерде көрип шығылады.

Мүрәжатлар мәмлекетлик тилинде ҳәм басқа тиллерде берилиўи мүмкин.

## 2-бап. Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжат етиў ҳуқықлары кепилликлери

5. Нызамға көре, физикалық ҳәм юридикалық шахсларға мәмлекетлик органларына, шөлкемлерге ҳәм олардың лаўазымлы шахсларға жеке тәртипте яки жәмәәт болып мүрәжат етиў ҳуқықы кепилленеди.

Мүрәжат етиў ҳуқықы ыхтиярлы әмелге асырылады. Ҳеш ким бирде-бир мүрәжатты қорғаўға ямаса оған қарсы қаратылған ҳәрекетлерде қатнасыўға мәжбүр етилиўи мүмкин емес.

Мүрәжат етиў ҳуқықының әмелге асырылыўы басқа физикалық ҳәм юридикалық шахслардың ҳуқықларын, еркинликлерин ҳәмде нызамлы мәплерин, сондай-ақ, жәмийет ҳәм мәмлекет мәплерин бузбаўы керек.

Нызамға муўапық сырт ел мәмлекетлериниң физикалық ҳәм юридикалық шахслары, пуқаралығы болмаған шахслар Өзбекистан Республикасы мәмлекетлик органларына, шөлкемлерге ҳәм олардың лаўазымлы шахсларына усы Нызамға муўапық мүрәжат етиў ҳуқықына ийе.

6. Мүрәжат етиў ҳуқықынан пайдаланылып атырғанда физикалық шахстың жынысы, расасы, миллети, тили, дини, социаллық шығысы, исеними, жеке ҳәм социаллық жағдайына, сондай-ақ, юридикалық шахслардың меншик түри, жайласқан орны (почта мәнзили), шөлкемлестириў-ҳуқықый түрлерине ҳәм басқа жағдайларына қарап кемситиўге жол қойылмайды.

7. Район ҳәкимлигиниң лаўазымлы шахслары мүрәжатларды көрип шығыўда Өзбекистан Республикасы Конституциясы, Қарақалпақстан Республикасы Конституциясы ҳәмде Өзбекистан Республикасы ҳәм Қарақалпақстан Республикасы Нызамлары талапларына бойсыныўы, олардың толық объектив түрде ҳәм өз ўақтында көрип шығылыўы ушын иләжлар көриў, физикалық ҳәм юридикалық шахслардың бузылған ҳуқықлары, еркинликлери тиклениўин ҳәмде нызамлы мәплериниң қорғалыўын тәмийинлеў бойынша өз ўәкилликлери шеңберинде иләжлар көриўи шәрт.

8. Мүрәжатлар район ҳәкимлигиниң лаўазымлы шахслары тәрепинен қабыл етилиўи ҳәм көрип шығылыўы шәрт, усы Режениң 6-бабында нәзерде тутылған жағдайлар буннан тысқары.

9. Мүрәжатларды қарап шығыўда физикалық шахслардың жеке турмысы, юридикалық шахслардың жумысы ҳаққындағы мағлыўматлар олардың разылығысыз, сондай-ақ, мәмлекетлик сырды ямаса нызам менен қорғалатуғын басқа сырды қурайтуғын мағлыўматлардың, егер бул физикалық ҳәм юридикалық шахслардың ҳуқықлары,

еркинликлери ҳәмде нызамлы мәплерин кемситетуғын болса, басқа да мағлыўматлардың район ҳәкимлигиниң лаўазымлы шахслары тәрепинен жәрия етилиўине жол қойылмайды.

Физикалық ҳәм юридикалық шахс ҳаққындағы, мүрәжатқа тийисли болмаған мағлыўматларды анықлаўға жол қойылмайды.

Физикалық шахстың илтимасына көре оның шахсына тийисли бирде-бир мағлыўмат жәрия етилмеўи керек.

10. Физикалық шахсты, оның ўәкилин, олардың шаңарақ ағзаларын, юридикалық шахсты, оның ўәкилин ҳәм юридикалық шахс ўәкилиниң шаңарақ ағзаларын олар өз ҳуқықлары, еркинликлери ҳәмде нызамлы мәплерин жүзеге шығарыў яки қорғаў мақсетинде район ҳәкимлигиниң лаўазымлы шахсларына мүрәжат еткенлиги, сондай-ақ, мүрәжатларда өз пикирин билдиргенлиги ҳәм сынға алынғанлығы ушын қуўдалаў қадаған етиледи.

## 3-бап. Мүрәжатларды бериў ҳәм оларды көрип шығыў тәртиби.

11. Муражатлар оларда қойылған мәселелерди шешиў өз ўәкиллиги шеңберине киретуғын район ҳәкимлигине яки ҳәкимликтиң лаўазымлы шахсына тиккелей яки бойсыныў тәртибинде жоқары турыўшы органына бериледи.

Физикалық ҳәм юридикалық шахслар мүрәжатты өз бетинше бериўге, сондай-ақ, бул бойынша ўәкилликти өз ўәкилине бериўге ямаса мүрәжатты почта байланыс қураллары арқалы яки электрон формада жибериўге хақлы.

Жас өспиримлер, мәмилеге уқыпсыз ҳәм мәмилеге уқыплылығы шекленген шахслардың мәплерин гөзлеген мүрәжатлар олардың нызамлы ўәкиллери тәрепинен нызам ҳүжжетлеринде нәзерде тутылған тәртипте берилиўи мүмкин.

12. Физикалық шахстың мүрәжатында физикалық шахстың фамилиясы (аты әкесиниң аты), оның жасаў орны ҳаққындағы мағлыўматлар көрсетилген болыўы керек.

Юридикалық шахстың мүрәжатында юридик шахстың толық атамасы, оның жайласқан орны (почта мәнзили) ҳаққындағы мағлыўматлар көрсетилген болыўы керек.

Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатында район ҳәкимлигиниң анық аты, мүрәжат жиберилип атырған лаўазымлы шахстың лаўазымы ҳәм (яки) фамилиясы (аты, әкесиниң аты) көрсетилген, сондай-ақ мүрәжаттың мазмуны баян етилген болыўы керек.

Мүрәжатларда мүрәжат етиўшилердиң электрон почта мәнзили, байланыс телефонлары ҳәм факслери номерлери көрсетилиўи мүмкин.

Мүрәжат етиўшилердиң ўәкиллери арқалы берилген мүрәжатларға олардың ўәкиллигин тастыйықлаўшы ҳүжжетлер қосымша етилиўи керек.

13. Мүрәжатқа ол бойынша бурын қабыл етилген қарарлар яки олардың көширме нусқалары, сондай-ақ, оны көрип шығыў зәрүр болған басқа ҳүжжетлер қосымша етилиўи мүмкин, бул ҳүжжетлер қайтарылмайды, мүрәжат етиўши оларды қайтарыў ҳаққында жазба арза берген жағдайлар буннан тысқары.

Көрсетип өтилген ҳүжжетлер мүрәжат тийислилиги бойынша басқа мәмлекетлик уйымға, шөлкемге яки олардың лаўазымлы шахсына жиберилген мүрәжатқа қосымша етилиўи керек.

14. Мүрәжат почта байланыс қураллары арқалы конвертте келип түскенде конвертте мүрәжат ҳәм оған қосымшалар бар екенлиги тексериледи.

Конвертте мүрәжат болмаса яки ол зақымланған болса, сондай-ақ, мүрәжатта көрсетилген қосымшалар болмаса, акт дүзилип, оның бир нусқасы мүрәжат етиўшиге конвертте көрсетилген мәнзил бойынша жибериледи.

Келип түскен мүрәжатлар конвертлары мүрәжат етиўшиниң мәнзили, мүрәжаттың жиберилген ҳәм алынған ўақтын анықлаў ушын сақлап қалыныўы мүмкин.

15. Жазба мүрәжат етиўши физикалық шахстың имзасы ямаса мүрәжат етиўши юридикалық шахс ўәкиллиги шахстың имзасы менен тастыйықланған болыўы лазым.

Физикалық шахстың жазба мүрәжатын мүрәжат етиўшиниң имзасы менен тастыйықлаў имкани болмаған жағдайда, бул мүрәжат оны жазып берген шахстың имзасы менен тастыйықланып, оның фамилиясы (аты, әкесиниң аты) ҳәм қосымша рәўиште жазылып қойылыўы керек.

16. Мүрәжатларды бериў мүддетлери қағыйда ретинде, белгиленбейди.

Айрым жағдайларда, егер район ҳәкимлиги лаўазымлы шахсларының мүрәжатты көрип шығыў бойынша имканиятларына, физикалық ҳәм юридикалық шахслардың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәмде нызамлы мәплерин өз ўақтында әмелге асырыў ҳәм қорғаўды тәмийинлеў зәрүрлигине байланыслы болса, сондай-ақ, нызамларда нәзерде тутылған басқа тийкарларға көре мүрәжатты бериў мүддети белгилениўи мүмкин.

Бойсыныў тәртибинде жоқары турыўшы уйымға арза ямаса шығым физикалық яки юридикалық шахсқа оның ҳуқықлары, еркинликлери ҳәмде нызамлы мәплерин бузыўшы ҳәрекет (ҳәрекетсизлик) садыр етилгенлиги ямаса қарар қабыл етилгенлиги анықланған пайттан баслап узағы менен бир жылдан кешиктирмей бериледи.

Арза яки шағым бериўдиң себепли жағдайларға байланыслы өткерип жиберилген мүддети арзаны яки шағымды көрип шығыўшы район ҳәкимлигиниң лаўазымлы шахсы тәрепинен тикленеди.

17. Физикалық ҳәм юридикалық шахслар өз мүрәжатын ол көрип шығылғанға шекем ҳәм көрип шығылып атырған пайтта мүрәжат бойынша қарар қабылланғанға шекем жазба яки электрон формада арза бериў жолы менен шығарып алыў ҳуқықына ийе. Бундай арза түскен жағдайда мүрәжатты көрип шығыў тоқтатылады ҳәм үш күн даўамында мүрәжат мәмлекетлик органының хаты менен мүрәжат етиўшиге қайтарылады.

Мүрәжатты шығарып алыў ҳаққындағы арза район ҳәкимлиги тәрепинен нызам бузылыўларын анықлаў ҳәм сапластырыў бойынша ис-илажлар көрилиўине тәсир етпейди.

## 4-бап. Район ҳәкимлигинде мүрәжатлар менен ислесиўди шөлкемлестириў

18. Район ҳәкимлигинде физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары менен ислесиў усы Режеге 1-қосымшаға муўапық схемаға тийкар әмелге асырылады.

19. Түскен мүрәжатларды қабыллаў, дизимге алыў ҳәм көрип шығыў ушын жибериў, сондай-ақ мүрәжатлардың есабатын жүритиў ҳәм көрип шығылыўын қадағалаў район ҳәкимлигиниң канцелярия бөлимине жүклетиледи.

Район ҳәкимлигине келип түскен мүрәжатлар көлеминен, хызметкерлер саны ҳәм жумыс көлеминен келип шыққан ҳалда өз алдына мүрәжатлар менен ислесиў бөлим, бөлимше яки топар шөлкемлестирилиўи мүмкин.

Мүрәжатлар менен ислесиў бөлимшеси мүрәжатлардың көрип шығылыўын қадағалаў мәселелеринде тиккелей район ҳәкимине бойсынады.

20. Район ҳәкимлигиниң канцелярия бөлими:

район ҳәкиминиң орынбасарлары, қәнийгелери, бөлим, топар басшылары тәрепинен мүрәжатлардың көрип шығылыўын турақлы қадағалайды ҳәм оның мониторингин алып барады, олардың өз ўақтында ҳәм зәрүр тәрзде корип шығылыўын тәмийинлеў ис-иләжларын көреди.

Мүрәжатлардың көрип шығыў мүддетлери ҳәм тәртибиниң орынлаўшылар тәрепинен бузылыўы ҳаққында район ҳәкимин дәрҳәл хабардар етеди.

Мониторинг нәтийжелери бойынша ҳәр айда район ҳәкимине мүрәжатлар көрип шығылыўы жағдайы ҳаққындағы мәлимлемени, зәрүрият болғанда, анықланған кемшиликлерди сапластырыў, мүрәжатлар ҳаққындағы нызам ҳүжжетдери бузылыўына жол қойған хызметкерлерине қарата жуўапкершилик мәселелерин көриў бойынша тийисли усыныслар менен биргеликте усынады.

21. Мүрәжатлар менен ислесиў бойынша бөлимше шөлкемлестирилген жағдайда, бөлимшениң хызметкерине төмендеги қосымша талаплар қойылады:

орта-арнаўлы яки жоқары мағлыўматқа ийе болыў;

кеминде үш жыллық ис стажы болыўы;

олардың район ҳәкимлиги бөлимшеси жумыслары, функциясына тийисли мәжбуриятлары ҳаққында хабардар болыў;

жоқары руўхый әдеп-икрамлылық пазыйлетлерге ийе болыў;

кирисимлилик;

заманагөй хабар-коммуникация технологияларын коллана билиў.

Бөлимше хызметкери мүрәжатлар менен ислесиў бойынша өз хызметин әмелге асырыўда кишипейил, талапшаң, итибарлы болыўы керек, мүрәжат етиўшилерге әлпайым, салмақлы ҳәм итибарлы, шахстың шанын кемситпеўи, оған қарата мехрибан болыўы шәрт.

Мүрәжатлар менен ислесиў бөлими хызметкери өз хызмет ўазыйпаларын орынлаў ўақтында сыртқы көриниси бойынша физикалық ҳәм юридикалық шахслардың район ҳәкимлигине ҳүрмет пенен мүнәсибетте болыўына көмеклесиў, улыўма қабыл етилген жумыс тәртибине әмел қылыўы салмақлы ҳәм тәртипли болыўы болыўы керек.

22. Район ҳәкимлиги мүрәжатлар менен ислесиў хызметкерин оқытады ҳәм үш жылда кеминде бир мәрте олардың тәжирийбесин асырады.

23. Район ҳәкимлиги усы Реженің талапларына көре, мүрәжатлар менен ислесиўде электрон ҳүжжет айланыўы системасын енгизиўи мүмкин.

Район ҳәкимлигинде мүрәжатлар менен ислесиў:

Өзбекистан Республикасы Президенти Виртуал қабыллаўханасы ҳәм Ҳүкимет порталы арқалы келип түскен мүрәжатлар электрон формада;

Өзбекистан Республикасы Президентиниң Қарақалпақстан Республикасындағы, райондағы Халық қабыллаўханалары арқалы келип түскен мүрәжатлар жазба яки электрон формада алып барылады.

24. Халық пенен туўрыдан-туўры пикирлесиўди шөлкемлестириў, мүрәжатлардың көрип шығылыўы үстинен системалы мониторинг ҳәм қадағалаўды әмелге асырыў, сондай-ақ, мүрәжатлар менен ислесиўде заманагөй хабар-коммуникация технологияларынан пайдаланыў мақсетинде район ҳәкимлигиндеги лаўазымлы шахслары өз виртуал қабыллаўханаларын шөлкемлестириўи мүмкин.

Виртуал қабыллаўханалары район ҳәкимлигиниң қайсы лаўазымлы шахсы тәрепинен дүзилген болса сол шахс атынан жумыс алып барады.

25. Физикалықҳәм юридикалық шахстын мүрәжатында көрсетилген мәселени ҳәр тәреплеме ҳәм өз ўақтында шешиў мақсетинде, мүрәжатта көрсетилген мәселени көрип шығыў (шешиў) бир неше мәмлекетлик органлары ҳәм шөлкемлериниң ўәкиллигине кирсе, мүрәжатты көрип шығыўшы орган басқа мәмлекетлик органлары ҳәм шөлкемлерине физикалық ҳәм юридикалық шахстың мүрәжатын коллегиал еситиўди өткериў ушын мүрәжат етиўге ҳақлы.

## 5-бап. Мүрәжатларды көрип шығыў тәртиби ҳәм мүддетлери

26. Жазба ҳәм электрон (қағазға басып шығарылған) мүрәжатлар мүрәжатларды дизимге алыў журналына тийисли жазыўларды киритиў, усы Режеге 2-қосымшаға муўапық форма бойынша есапқа алыў карточкасын толтырыў ҳәм мүрәжаттың биринши бети төменги оң бөлегинде дизимге алыў штампын қойыў жолы менен район ҳәкимлигиниң канцелярия бөлиминде дизимге алынады.

Мүрәжатлар жазба ямаса электрон тәризде дизимге алыныўы мүмкин.

Мүрәжатларды дизимге алыў журналында мүрәжаттын қатар саны, мүрәжат еткен физикалық шахстын фамилиясы ( аты ҳәм атасының аты) оның жасаў мәнзили, юридикалық шахстың аты, оның жайласқан орны, мүрәжаттың қысқаша мазмуны, мүрәжат қабыл етилген сәне, дубликат яки мүрәжатлардың тәкирарыйлығы, қадағалаўға алынғанлығы ҳаққындағы белги, орынлаўшы етип белгиленген бөлим аты, сәне көрсетилген ҳалда орынлаў ҳаққындағы белги көрсетиледи.

Дизимге алыў штампында Район ҳәкимлигиниң аты (улыўма қабыл етилген қысқартырылған аты яки қысқартпа көрсетилиўи мүмкин), мүрәжаттың келип түскен сәнеси ҳәм дизимге алынған саны көрсетиледи.

Мүрәжатлардың қатар санлары ҳәр жылы басынан жаңадан есапланады.

27. Физикалық шахслар ҳәм юридикалық шахслардың ўәкиллери Район ҳәкимлигине аўызеки мүрәжат еткенде олар тәрепинен усынылған жазба мүрәжатлар ҳәмде басқа материаллар қабыл етилиўи ҳәм усы Реженің 26-бәнтине муўапық толтырылған есапқа алыў карточкасына қосымша етилиўи керек.

Дизимге алынған мүрәжатлар келип түскен пайытынан баслап бир жумыс күнинен кешиктирмей Район ҳәкимине, оның орынбасарына яки бөлим басшыларына киритиледи, ол

жуўапкер бөлимди (хызметкерди) белгилеген ҳалда мүрәжатты көрип шығыў бойынша резолюцияны (тапсырманы) қояды.

Резолюция (тапсырма) қойылған пайыттан баслап бир жумыс күни даўамында канцелярия бөлими мүрәжатты орынлаўшы сыпатында белгиленген бөлимге (хызметкерге) имза қойдырған ҳалда береди. Бунда орынлаўшы етип белгиленген бөлим (хызметкер) тәрепинен орынлаў ҳаққындағы белги қойылады.

28. Район ҳәкимлигине келип түскен мүрәжатлар ис жүритиўине қабыл етилиўи, бойсыныў тәртибинде мекеме, кәрхана, шөлкем, АПЖ, МПЖларға (кейинги орынларда төменги орган деп аталады) жиберилиўи ямаса тийислилиги бойынша басқа мәмлекетлик органға жиберилиўи мүмкин.

29. Төменги орган тәрепинен көрип шығылыўы керек болған мүрәжатлар келип түскен күнинен баслап бес күн мүддеттен кешиктирмей хат пенен район ҳәкими, орынбасарлары яки бөлим басшылары тәрепинен имзаланған тапсырма менен бирге жиберилиўи, бул ҳаққында мүрәжат етиўшиге жазба яки электрон формада хабар берилиў керек.

30. Егер мүрәжатта бир неше бөлимге тийисли мәселелер бар болса, олардың барлығы мүрәжатты көрип шығыў бойынша орынлаўшылар етип белгиленеди. Орынлаўшылар арасында биринши болып көрсетилген бөлим басқа бөлим менен биргеликте мүрәжат көрип шығылыўын тәмийинлейди.

31. Мүрәжатты толық, халыс ҳәм өз ўақтында көрип шығыў ушын қосымша мағлыўматлар, анықламалар ҳәм материалларға зәрүрат пайда болған тақдирде, усы мүрәжатты көрип шығыўшы бөлим мүрәжат етиўшиден, сондай-ак, өз ўәкиллиги шеңберинде белгиленген тәртипте басқа мәмлекетлик органларынан ҳәм лаўазымлы шахслардан қосымша мағлыўматты сорап алыўы мүмкин. Егер мағлыўмат мәмлекет сырын ямаса нызам менен қорықланатуғын басқа сырлы мағлыўматларды өз ишине алған болмаса, физикалық ҳәм юридикалық шахслардың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәмде нызамлы мәплерине, жәмийет ҳәмде мәмлекет мәплерине зыян жеткизбесе, мәмлекетлик органлар, шөлкемлер ҳәм олардың лаўазымлы шахслары өзлеринен соралып атырған мағлыўматты үш күн ишинде усыныўы шәрт.

32. Егер мүрәжатты көрип шығыў процессинде мүрәжаттың дубликаты келип түссе, усы мүрәжат алдын келип түскен мүрәжат пенен биргеликте көрип шығылады ҳәмде нәтийжеси бойынша бир жуўап бериледи.

33. Егер мүрәжатта ортаға қойылған мәселелер хожалық жүритиўши субъектлер жумысларына байланыслы болса, олардың ўәкиллери мүрәжатты көрип шығыўда қатнасыў ушын өз ўәкилликлери шеңберинде тартылады.

Зәрүр жағдайларда мүрәжатларды көрип шығыў ушын Район ҳәкимлиги тәрепинен тийисли қәнийгелер қатнастырылыўы мүмкин.

34. Қойылған мәселелерди шешиў Район ҳәкимлиги ўәкиллиги шеңберине кирмейтуғын мүрәжатлар бес күн мүддеттен кешиктирмей район ҳәкими ямаса бөлим басшысы тәрепинен имзаланған хат пенен тийисли органларға жибериледи, булл ҳаққында мүрәжат етиўшиге жазба яки электрон формада хабар етиледи.

Мүрәжатты көрип шығыў ушын тийкарсыз рәўиште басқа мәмлекетлик органларына өткериў ямаса қарарлары яки ҳәрекетлери (ҳәрекетсизлиги) үстинен шағым етилип атырған органға яки лаўазымлы шахсларға жибериў қадаған етиледи.

Егер мүрәжатларда оларды тийисли органларға жибериў ушын зәрүр болған мағлыўматлар болмаса, бул ҳалда олар бес күн мүддеттен кешиктирмей тийкарланған түсиндириў менен мүрәжат етиўшиге қайтарылады.

35. Мүрәжатты көрип шығып атырған бөлимниң лаўазымлы шахслары өз басламасына көре ямаса мүрәжат етиўшиниң илтимасына көре оны есити7ди шөлкемлестириўи мүмкин.

Район ҳәкимлигиниң тийисли бөлимлери яки олардың лаўазымлы шахслары мүрәжат етиўшиге мүрәжатта көтерилген мәселелер бойынша өз пикирин билдириў ҳәм мүрәжат бойынша қосымша мағлыўмат усыныў имкәниятын береди.

Зәрүр жағдайларда мүрәжат етиўшини еситиўге экспертлерди, қәнийгелерди ҳәм мәпдар шөлкемлердиң ўәкиллерин тартыў мүмкин.

36. Егер мүрәжатта орнына барып үйрениўди талап етиўши жағдай баян етилген болса, сондай-ақ, басқа зәрүр жағдайларда мүрәжатты көрип шығыўшы бөлим мүрәжатты орнында көрип шығыўды тәмийинлеў мүмкин. Мүрәжатты орнында көрип шығыў район ҳәкими, орынбасарлары яки бөлим басшысының тапсырмасы ямаса оның разылығы менен әмелге асырылады.

37. Мүрәжатты мүрәжат еткен яки басқа шахстың қатнасысыз көрип шығыўдың имканияты болмағанда, олар бөлим басшылары тәрепинен шақырылыўы мүмкин. Шақырылған мүрәжат етиўши келмеген тақдирде бөлим басшысы оның қатнасысыз көрип шығыў мүмкин емеслиги ҳаққында жуўап жибереди.

38. Мүрәжатлар менен ислеў мүддетлери олар район ҳәкимлигине келип түскен күннен баслап есапланады. Егер тийисли мүддеттиң соңғы күни дем алыс ҳәм байрам күнлерине туўры келсе, нәўбеттеги жумыс күни мүддет тамамланатуғын күн есапланады.

Электрон мүрәжатлар түскен күни қағазға басып шығарылыўы, жумыс ўақты тамам болғаннан кейин түскен тақдирде болса – нәўбеттеги жумыс күнинде қағазға басып шығарылыўы керек.

Мүрәжатты дизимнен өткермеўге жол қойылмайды.

Район ҳәкимине яки оған ўәкиллик берилген басқа лаўазымлы шахсына ғалабалық қабыллаўлар ўақтында түскен ҳәм орнында шешилген аўызеки мүрәжатларды дизимнен өткериў талап етилмейди. Бунда физикалық шахстың яки юридикалық шахс ўәкилиниң фамилиясы (аты, әкесиниң аты) оның жасаў орны ҳаққындағы мағлыўматлар, мүрәжаттың қысқаша мазмуны, сондай-ақ, оны көрип шығыў нәтийжеси ғалабалық қабыллаў баянламасында көрсетиледи.

39. Арза яки шағым мәселени мазмуны бойынша шешиўи шәрт болған Район ҳәкимлигине келип түскен күннен баслап он бес күн даўамында, қосымша үйрениў ҳәм (яки) тексериў, қосымша ҳүжжетлерди сорап алыў талап етилгенде болса бир айға шекем болған мүддетте көрип шығылады.

Арза ҳәм шағымларды көрип шығыў ушын тексериў өткериў, қосымша материалларды сорап алыў ямаса басқа иләжлар көриў зәрүр болған жағдайларда, оларды көрип шығыў мүддетлери Район ҳәкими тәрепинен көби менен бир айға узайтырылыўы мүмкин, бул ҳаққында мүрәжат етиўшиге бөлим баслықлары тәрепинен жазба яки электрон формада мәлим етиледи.

40. Усыныс Район ҳәкимлигине келип түскен күннен баслап бир айға шекем болған мүддетте көрип шығылады, қосымша үйрениў талап етилетуғын усыныслар буннан тысқары, бул ҳаққында усыныс киритген физикалық ямаса юридикалық шахсқа он күн мүддетде жазба түрде мәлим етиледи.

41. Айырым жағдайларда Район ҳәкими ямаса оның орынбасарлары мүрәжатларды көрип шығыў мүддетлерин қысқартыўлары мүмкин.

42. Мүрәжатларды көрип шығыў нәтийжелери бойынша Район ҳәкимлиги тәрепинен тийисли қарар қабыл етиледи, бул ҳаққында дәрҳәл жазба яки электрон формада мүрәжат етиўшиге хабар бериледи.

Мүрәжатты қанаатландырмаў ҳаққындағы карарды Район ҳәкими қабыл етеди.

Мүрәжатқа жуўап хатында мүрәжатта көрсетилген ҳәр бир мәселе бойынша ўәжлерди бийкар етиўши ямаса тастыйықлаўшы анық тийкарлар (зәрүрликке қарап нызам ҳүжжетлери нормаларына сүйенген ҳалда) болыўы керек.

43. Мүрәжатқа жуўап хаты Район ҳәкими, орынбасарлары яки бөлим басшылары тәрепинен имзаланады.

Мүрәжатларға жуўап хаты, мүмкиншилигине қарай, мүрәжат етилген тилде баян етиледи.

44. Физикалық ҳәм юридикалық шахслар жәмәәт болып мүрәжат еткен жағдайда, олардың мүрәжатлары Нызам талапларына муўапық көрип шығылады. Бунда мүрәжатқа жуўап мүрәжат еткенлердиң дизиминде биринши болып көрсетилген шахқа яки, олардың талабына көре, басқа шахсқа жибериледи.

45. Физикалық ҳәм юридикалық шахстың илтимасына көре мүрәжатты көрип шыққан бөлимниң лаўазымлы шахсларымүрәжатқа жуўапты оның мазмунын өзгертпестен түсиндириў, сондай-ақ, жол қойылған қәтелер ҳәм арифметик қәтелерди өз басламасына

көре яки мүрәжат етиўшиниң илтимасына көре , мүрәжатқа жуўаптың мазмунына байланыстырмаған ҳалда дүзетиўи шәрт.

Мүрәжат етиўшиниң мүрәжатқа жуўапты түсиндириў ҳәм оны дүзетиў ҳаққындағы илтимасы ол келип түскен күннен баслап он күн ишинде көрип шығылады.

46. Мүрәжат, онда көтерилген барлық мәселелер Нызам талапларына муўапық көрип шығылған ҳәм мүрәжат етиўшиге тийисли жуўап берилген жағдайда көрип шығылған есапланады.

Мүрәжат етиўшиге жуўап жиберилген күн мүрәжатты көрип шығыў тамамланған күн есапланады, бул ҳаққында канцелярия бөлими мүрәжатларды дизимге алыў журналына ҳәм есапқа алыў карточкасына белги қояды.

47. Жоқары мәмлекетлик органының қадағалаўында турған мүрәжатлар бойынша Район ҳәкимлиги мүрәжат етиўшиге жиберилген жуўап хатының нусқасын қосымша еткен ҳалда мүрәжатты көрип шығыў нәтийжелери ҳаққында жоқары мәмлекетлик органына жазба түрде мәлимлеме береди.

48. Көрип шығылған мүрәжатларды ҳәм олар менен байланыслы материаллырды сақлаў канцелярия бөлиминде белгиленген тәртипте әмелге асырылады.

## 6-бап. Мүрәжатларды көрмей қалдырыў ҳәм көрип шығыўды тамамлаў.

49. Төмендеги мүрәжатлар көрип шығылмайды:

аноним мүрәжатлар;

физикалық ҳәм юридикалық шахслардың ўәкиллери арқалы берилген мүрәжатлар, олардың ўәкиллигин тастыйықлаўшы ҳүжжетлери болмаған жағдайда;

Нызамда белгиленген басқа талапларға муўапық болмаған мүрәжатлар.

50. Мүрәжатты аноним деп табыў канцелярия яки мүрәжатты көрип шығыўшы бөлим басшысы тәрепинен әмелге асырылады.

Мүрәжат аноним деп табылғанда бул ҳаққында жуўмақ дүзиледи. Жуўмақта мүрәжатты аноним деп табыў ушын тийкарлар көрсетиледи. Мүрәжатты аноним деп табыў ҳаққындағы жуўмақ канцелярия меңгериўшиси яки бөлим басшысы тәрепинен тастыйықланады.

Район ҳәкимлигиниң «исеним телефоны»на келип түскен мүрәжатлар Нызамда нәзерде тутылған тәртипте аноном деп табылыўы мүмкин.

Аноним деп табылған мүрәжатлар жуўмақ тастыйықланған ўақыттан баслап қадағалаўдан яки орынлаўдан алынады ҳәм көрип шығылмайды.

51. Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың ўәкиллери арқалы берилген мүрәжатлар келип түскенде, канцелярия бөлими олардың ўәкиллигин тастыйықлайтуғын ҳүжжетлери бар екенлигин тексереди.

Егер мүрәжатта физикалық ҳәм юридикалық шахс ўәкилиниң ўәкиллигин тастыйықлайтуғын ҳүжжетлери болмаса, бул ҳаққында канцелярия меңгериўшиси яки бөлим басшысы тәрепинен тастыйықланатуғын жуўмақ дүзиледи.

Физикалық ҳәм юридикалық шахс ўәкилиниң ўәкиллигин тастыйықлайтуғын ҳүжжетлер жоқ екенлиги ҳаққындағы жуўмақ тастыйықланған ўақыттан баслап усы мүрәжат көрип шығылмайды, бул ҳаққында мүрәжат етиўши жазба түрде хабардар етиледи.

52. Мүрәжатлар көрмей қалдырылғанда тийисли жуўмақ дүзиледи, ол район ҳәким яки ҳәкимниң 1-орынбасары тәрепинен тастыйықланады.

Физикалық ҳәм юридикалық шахс ўәкилиниң ўәкиллигин тастыйықлаўшы ҳүжжетлер жоқ екенлиги себепли мүрәжатлар көрмей қалдырылғанлығы ҳаққында мүрәжат етиўши тийисли тәртипте хабардар етиледи.

53. Мүрәжатларды көрип шығыў төмендеги жағдайларда тоқтатылады:

егер такирарланған мүрәжатларда жаңа ўәжлер ямаса жаңадан ашылған жағдайлар келтирилмеген болса, алдыңғы мүрәжат материалларында болса тексериўлердиң толық материаллары бар болса ҳәм мүрәжат етиўшиге белгиленген тәртипте жуўаплар берилген болса;

егер мүрәжат етиўши өз мүрәжатын белгиленген тәртипте шығарып алған болса ямаса оны көрип шығыўды тоқтатыў ҳаққында илтимас еткен болса;

жасаў орны, турған орны (почта мәнзили), электрон почта мәнзили яки басқа реквизитлары өзгергенлиги ҳаққында өз ўақтында хабардар етилмегенлигинен шақырыўдың имкәни жоқлығы себепли мүрәжатты мүрәжат етиўшиниң қатнасысыз көрип шығыў имкәнияты болмағанда;

мүрәжатты мүрәжат етиўшиниң қатнасысыз көрип шығыў жоқлығы себепли, район ҳәкимлиги лаўазымлы шахслары тәрепинен шақырылған мүрәжат етиўши келмей қалған жағдайда;

егер мүрәжат етиўши физикалық шахс қаза тапқаннан соң мүрәжатты көрип шығыў нызамлы мийрасхорлыққа жол коймаса.

54. Мүрәжатты көрип шығыўда тоқтатыў ҳаққындағы шешимди район ҳәкими яки оның 1-орынбасары қабыл етеди.

Тәкирарланған мүрәжатты көрип шығыў усы Режениң 53-бәнт екинши хатбасына муўапық тоқтатылғанда, мүрәжат етиўши тәкирарланған мүрәжаттың тийкарсызлығы ҳәм усы мәселе бойынша оның менен жазыспалар тоқтатылыўы ҳаққында жазба рәўиште хабардар етиледи. Жазыспалар алып барыў тоқтатылған мүрәжат етиўшиден тәкирарланған мүрәжат келип түскен жағдайда, бундай мүрәжатты көрип шығыў мүрәжат етиўшини бул ҳаққында хабардар етпестен тоқтатылады.

Мүрәжатты көрип шығыў оны шақырып алыў ҳаққындағы арза бойынша тоқтатылғанда мүрәжат мүрәжат етиўшиге район ҳәкимлигиниң лаўазымлы шахсларының хаты менен бирге үш күн ишинде қайтарылады. Мүрәжатты шақырып алыў ҳаққындағы арза нызам бузылыўшылықта анықлаў ҳәм сапластырыў бойынша ис-иләжлар көрилиўин айрықшалық етпейди.

Мүрәжат етиўши шақырылған физикалық шахстың ямаса юридикалық шахс ўәкилиниң келмей қалғанлығы себепли мүрәжатты көрип шығыўды тоқтатыў ҳаққында тийисли тәртипте хабардар етиледи.

## 7-бап. Физикалық шахсларды ҳәм юридикалық шахслардың ўәкиллерин қабыллаўды шөлкемлестириў

55. Район ҳәкимлигинде лаўазымлы шахслар тәрепинен физикалық шахсларды ҳәм юридикалық шахслардың ўәкиллерин қабыллаў шөлкемлестириледи.

Район ҳәкими ҳәм оның орынбасарлары тәрепинен физикалық шахслардың ҳәм юридикалық шахслар ўәкиллериниң көшпели жеке қабыллаўлары, сондай-ак ғалабалық қабыллаўлар шөлкемлестириўи мүмкин.

56. Район ҳәкимлигинде физикалық шахсларды ҳәм юридикалық шахслар ўәкиллерин қабыллаў белгиленген күн ҳәм саатларда, қабыллаў кестесине муўапық өткериледи.

Кабыллаў кестеси ҳәм оны өткериў ўақты, орны ҳәмде қабыллаўға алдыннан жазылыў тәртиби ҳаққындағы мағлыўмат, сондай-ақ, қабыллаў тәртиби Район ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайтында дағазалаў, сондай-ақ, ҳәкимшилик имәратқа ҳәмме кириў мүмкин болған орынлардағы стендлерге яки басқа техник қуралларға жайластырыў арқалы мапдар шахслар итибарына жеткериледи.

57. Район ҳәкимлигинде физикалық шахсларды ҳәм юридикалық шахслардың ўәкиллерин қабыллаў ушын өз алдына хана ажыратылады.

Жеке қаббылаў ўақтында район ҳәкиминиң шешимине көре ҳәм мүрәжат етиўшиге бул ҳаққында хабар берген ҳалда арнаўлы техника қураллары (аудио- ҳәм видеожазыў, фотосүўретке алыў) қолланылыўы мүмкин.

58. Ауызеки муражатлар менен келген физикалык шахслар хам юридикалык шахслардын уакиллери канцелярия болиминин баслыгы ямаса баска жууапкер хызметкери, сондай-ак Район хакимлигинин топар хам болимлеринин (кейинги орынларда болим деп аталады) басшылары ямаса баска жууапкер хызметкерлери тарепинен кабыл етиледи.

Мүрәжат етиўшиниң шахсын тастыйықлайтуғын хүжжетлер тексерилгеннен соң усы Режениң 2-қосымшасына муўапық форма бойынша есапқа алыў карточкасы толтырылады. Есапқа алў карточкасы ауызеки мүрәжат сыпатында дизимге алынады.

59. Физикалық шахсауызеки мүрәжат етип атырғанда өз шахсын тастыйықлаўшы хүжжетти, юридикалық шахстың ўәкили болса өз ўәкиллигин тастыйықлайтугын ҳәм өз

шахсын тастыйықлаўшы хүжжетти көрсетиўи керек, ғалабалық қабыллаў ўақтында келип түскен мүрәжатлар буннан тысқары.

Аўызеки мүрәжатлар реал ўақыт режиминде мәлимлеме-коммуникация технологияларынан пайдаланған ҳалда, район ҳәкимлигиниң исеним телефонлары арқалы ҳәм видеоконференц-байланыс қуралында да берилиўи мүмкин.

60. Канцелярия бөлими қабыллаўға келген физикалық шахсларды ҳәм юридикалық шахслардың ўәкиллерин қабыллаўды, сондай-ақ, физикалық шахсларды ҳәм юридикалық шахслардың ўәкиллерин қабыллаў менен байланыслы жумысларды шөлкемлестиреди.

61. Район ҳәкимлигинде физикалық шахсларды хам юридикалык шахслардын уакиллерин кабыллау канцелярия болими яки тийисли болим хызметкерлери катнасында амелге асырылады.

62. Физикалык шахслар хам юридикалык шахслардын уакиллерин кабыл етиуши басшы яки уакилликли шахстын корсетпеси бойынша томенде турыушы мамлекетлик органларынын тийисли хызметкерлери хам кабыллау процессине тартылыуы мумкин.

63. Егер физикалык шахсларды хам юридикалык шахслардын уакиллерин жеке кабыллау уактында муражатта баян етилген маселелерди шешиу Район хакимлигинин уакиллигине кирмеслиги аныкланган жагдайда, оларга муражатта баян етилген маселелерди шешиу ушын кайсы органга яки шолкемге муражат етиу керекликги тусиндириледи. Бунда физикалык шахслардын хам юридикалык шахслар уакиллеринин талабы менен бул хаккында жазба турде жууап бериледи.

64. Физикалық шахслар ҳәм юридикалық шахслар ўәкиллериниң көшпели жеке қабыллаўлары, сондай-ақ ғалаба қабыллаўлар, зәрүр болған жағдайларда қабыллаў кестелеринен тысқары өткерилиўи мүмкин. Ғалабалық қабыллаўлаўлар үйлерге, басқада имәратларға ҳәм орынларға бирме-бир кириў арқалы ҳәм өткерилиўи мүмкин.

65. Физикалық шахслар ҳәм юридикалық шахслар ўәкиллериниң көшпели жеке қабыллаўлары ўақтында берилген аўызеки мүрәжатлар усы Режениң 58-бәнтине муўапық хүжжетлестириледи ҳәм дизимге алынады ҳәмде белгиленген тәртипте қарап шығылады.

66. Ғалабалық қабыллаўлар ўақтында район ҳәкими ҳәм оның орынбасарларына келип түскен ҳәм орнында шешилген аўызеки мүрәжатларға жазба жуўап яки электрон формадағы жуўап талап етилмейди.

## 8-бап. Физикалық шахсларды ҳәм юридикалық шахслардың ўәкиллерин видео-конференц-байланыс қуралларында қабыллаўды шөлкемлестириў

67. Физикалық шахс ҳәм юридикалық шахслардың ўәкили район ҳәкимине ямаса оның орынбасарларына видео-конференц-байланыс қуралларында мүрәжат бериўи, алдыннан тастыйықланған арнаўлы мәлимлеме-коммуникация технологияларын қоллаған ҳалда видео-конференц-байланыс кесте арқалы әмелге асырылады.

68. Буның ушын мүрәжат етиўши белгиленген тәртипте талапнама менен мүрәжат етеди. Арза электрон формада берилиўи мүмкин.

Талапнамада төмендегилер көрсетилиўи керек:

физикалық шахс ушын – мүрәжат етиўшиниң фамилиясы (аты, әкесиниң аты), оның жасаў орны ҳаққындағы мағлыўматлар;

юридикалық шахстың толық атамасы, оның жайласқан орны (почта мәнзили) ҳаққындағы мағлыўматлар;

электрон почта мәнзили;

байланыс телефоны ҳәм/яки факс номери;

видео-конференц-байланыс өткериўге қолай сәне ҳәм ўақыт;

мүрәжат тили;

мүрәжаттың қысқаша мазмуны.

Мүрәжат етиўшилердиң ўәкиллери арқалы берилген мүрәжатларға олардың ўәкиллигин тастыйықлаўшы хүжжетлер қосымша етиледи.

69. Видеоконференцбайланыс арқалы келип түскен мүрәжатлар келип түскен пайыттан баслап бир жумыс күнинен кешиктирмей концелярия тәрепинен дизимге алыныўы ҳәм район ҳәкимине киритилиўи керек.

70. Район ҳәкими талапнаманы көрип шығып, видео-конференц-байланыс арқалы көрип шығыў яки көрип шықпаў ҳаққында қарар қабыл етеди.

Қабыл етилген қарар, видео-конференц-байланыс арқалы мүрәжатты көрип шығыў ўақты ҳәм орны ҳаққында район ҳәкимлиги физикалық ҳәм юридикалық шахсларды белгиленген тәртипте ескертеди.

71. Видео-конференц-байланыс арқалы мүрәжатты қабыллаў кестеси өзгерген жағдайда, канцелярия бөлими алдыннан (электрон почта, байланыс телефоны ҳәм/яки факс номерлери, почта ҳ.т.б.) арқалы ескертиўи керек.

72. Видео-конференц-байланыс арқалы келип түскен мүрәжатлар аўызеки мүрәжат сыпатында усы Режеде белгиленген тәртипте дизимге алынады ҳәм көрип шығылады.

## 9-бап. Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың ҳуқықлары

73. Мүрәжатлар район ҳәимлиги тәрепинен көрип шығылып атырғанда физикалық ҳәм юридикалық шахслар төмендеги ҳуқықларға ийе:

мүрәжатты көрип шығыўдың барысы ҳаққында мағлыўмат алыў;

ўәжлерди жеке өзи баянлаў ҳәм түсиниклер бериў;

мүрәжатты тексериў материаллары ҳәм оны қарап шығыў нәтийжелери менен танысыў;

қосымша материаллар усыныў ямаса бундай материалларды басқа уйымлардан талап етип алыў ҳаққында илтимас етиў;

адвокат жәрдеминен пайдаланыў;

мүрәжатты қарап шығыўдан тоқтатыў ҳаққында ямаса мүрәжатқа жуўапты түсиндириў ҳәм (яки) оны дүзетиў ҳаққында илтимас етиў;

өз мүрәжатын ол қарап шығылғанға шекем ҳәм қарап шығылып атырған ўақытта мүрәжат бойынша шешим қабыл етилгенге шекем жазба ямаса электрон түрде арза бериў жолы менен шақырып алыў;

мүрәжатты қабыл етиўден ямаса қарап шығыўдан нызамға қайшы түрде бас тартылыўы үстинен бойсыныў тәртибинде жоқары турыўшы уйымға ямаса тиккелей судқа шағым етиў.

Физикалық ҳәм юридикалық шахслар нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа ҳуқықларға да ийе болыўы мүмкин.

74. Физикалық ҳәм юридикалық шахслар район ҳәким ҳәм оның орынбасарлары тәрепинен мүрәжатларды көрип шығыўда өзлериниң қатты-ҳәрекетлери менен басқа физикалық ҳәм юридикалық шахслардың ҳуқықларын, еркинликлерин ҳәмде нызамлы мәплерин, сондай-ақ, жәмийет ҳәм мәмлекет мәплерин бузбаўы керек.

## 10-бап. Мүрәжатларды көрип шығыўда район ҳәкими ҳәм оның орынбасарларының ҳуқық ҳәм еркинликлери

75. Мүрәжатларды көрип шығыўда район ҳәкими ҳәм оның орынбасарлары төмендеги ҳуқықларға ийе:

мүрәжатты қарап шығыў ушын зәрүр болған мағлыўматты белгиленген тәртипте сораў ҳәм алыў;

мүрәжат етиўши яки оның ўәкилин олар жоқлығында мүрәжатты қарап шығыў мүмкин болмағанда ямаса мүрәжатты тыңлаў ушын шақырыў;

билип турым жалған мағлыўматлар көрсетилген мүрәжатты тексериў себепли келтирилген шығынлардың орнын өтеў ҳаққында судқа мүрәжат етиў;

Район ҳәкимлиги ҳәм оның лаўазымлы шахслары нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа ҳуқықларға да ийе болыўы мүмкин.

76. Район ҳәкимлиги ҳәм оның лаўазымлы шахслары:

мүрәжатлар ҳаққындағы нызамҳүжжетлери талапларына бойсыныўы;

мүрәжат етиўшиге оның ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерине тийисли ҳүжжетлер, қарарлар ҳәм басқа материаллар менен танысып шығыў имканиятын, егер олар мәмлекетлик сыр ямаса нызам менен қорғалатуғын басқада сыр болған мағлыўматларды өз

ишине алмаса, физикалық ҳәм юридикалық шахслардың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплерине, жәмийиет ҳәм мәмлекет мәплерине зыян келтирмесе. Тәмийинлеў;

мүрәжат етиўшиге қарап шығыў нәтийжелери ҳәмде қабыл етилген қарар ҳаққында мүрәжат қарап шығылғннан соң жазба ямаса электрон түрде дәрҳәл хабарлаўы, ғалаба қабыллаўлар ўақтында түскен ҳәм орнында шешилген аўызеки мүрәжатлар буған кирмейди;

мүрәжат бойынша қабылланған қарар үстинен, егер физикалық ямаса юридикалық шахс булл қарарға разы бомаса, шағым етиў тәртибин түсиндириў;

мүрәжатты қарап шығыў нәтийжелерине көре қабыл етилген қарардың орынланыўын қадағалаў;

нызамға қайшы ҳәрекетлерди (ҳәрекетсизликти) сапластырыў бойынша дәрҳәл иләжлар көриўи, физикалық ҳәм юридикалық шахслардың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплери бузылыўын келтирип шығарыўшы себеплер ҳәм шараятларды өз ўәкиллиги шеңберинде анықлаў;

физикалық шахс, оның ўәкили, олардың шаңарақ ағзалары , юридикалық шахс, оның ўәкили ҳәм юридикалық шахс ўәкилиниң шаңарақ ағзалары олардың мүрәжатлары себепли қуўдаланыўын белгиленген тәртипте сапластырыў;

егер физикалық ҳәм юридикалық шахсқа оның ҳуқықлары, еркинликлери ҳәмде нызамлы мәплери бузылыўы нәтийжесинде материаллық зыян ямаса мораллық зыян келтирилген болса, нызамда белгиленген тәртипте материаллық зыянның орнын қаплаў ямаса мораллық зыянды компенсациялаў иләжларын көриўи шәрт.

Район ҳәкимлигиниң лаўазымлы шахслары нызам ҳүжжетлерине муўапық басқа ҳуқықларға да ийе болыўы мүмкин.

## 11-бап. Мүрәжатлардың қарап шығылыўын мониторинг етиў ҳәм қадагалаў

77. Район ҳәкимлигиниң лаўазымлы шахслары өз структуралық бөлимлери тәрепинен мүрәжатлардың қарап шығылыўы үстинен турақлы мониторинг ҳәм қадағалаўды әмелге асырады, олардың толық , қалыс ҳәм өз ўақтында қарап шығылыўын тәмийинлеў иләжларын көреди.

78. Мүрәжат район ҳәкими тәрепинен қадағалаўға алынады ҳәм қадағалаўдан шығарылады.

Аралық жуўаплар берилген ҳәм толық қарап шығылмаған мүрәжатлар қадағалаўдан алынбайды.

79. Канцелярия бөлими келип түскен, қарап шығылған, қанаатлантырылған, қанаатландырылмаған, қарап шығылмаған мүрәжатлардың статистикалық есабатын жүритеди.

Район ҳәкимлиги физикалық ҳәм юридикалық шахслардың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплери, сондай-ақ, жәмийет ҳәм мәмлекеттиң мәплери бузылыўының келтирип шығарыўшы себеплерди анықлаў ҳәм сапластырыў мақсетинде ҳәр шеректе мүрәжатларды улыўмаластырыў ҳәм таллаўды тәмийинлейди.

Мүрәжатларды улыўмаластырыў ҳәм таллаў нәтийжелерине көре канцелярия бөлими тәрепинен мүрәжатлар менен ислесиўдиң улыўма көрсеткишлери, мүрәжатларда тез-ьез көтерилген мәселелер, мүрәжатларды қарап шығыў жуўмақлары бойынша анықланған тийкарғы кемшиликлер ҳәм нызамбузыўшылықлар, физикалық ҳәм юридикалық шахслардың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплери, сондай-ақ, жәмийиет ҳәм мәмлекет мәплери бузылыўын келтирип шығарыўшы себеплерди сапластырыў мақсетинде көрилген иләжлар сәўлелендирилген мағлыўматлар (шолыўлар) дүзиледи ҳәмде район ҳәкимине мүрәжатларды қарап шығыўдың нызамлылығын тәмийинлеў ҳәм нәтийжелилигин асырыў, физикалық ҳәм юридикалық шахслардың ҳуқықлары, еркинликлери ҳәм нызамлы мәплери, сондай-ақ, жәмийиет ҳәм мәмлекеттиң мәплери бузылыўын келтирип шығарыўшы себеплерди сапластырыў, нызам ҳүжжетлерин жетилистириў бойынша усыныслар киритеди.

Мүрәжатларды улыўмаластырыў ҳәм таллаў нәтийжелерине көре дүзилген мағлыўматлар район ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайтында жәрияланады.

80. Канцелярия бөлими ҳәр шеректе Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесине мүрәжатлар менен ислеў ҳаққында есабат усынып барады.

81. Мүрәжатларды қарап шығыў нәтийжелери район ҳәкимлигиниң рәсмий веб-сайтында, баспа ҳәм электрон ғалаба хабар қуралларында ҳәр айда жәрияланыўы мүмкин.

## 12-бап. Жуўмақлаўшы тәртиплер

82. Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатларын қабыллаў ҳәм қарап шығыўды нызамға қайшы рәўиште бийкарлаў, оларды қарап шығыў мүддетлерин кеширимли себеплерсиз бузыў, жазба яки электрон формада жуўап жибермеслик, физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерине қайшы қарар қабыл етиў, физикалық ҳәм юридикалық шахслардың бузылған ҳуқықлары тиклениўин, мүрәжат бойынша қабыл етилген қарадың орынланыўын тәмийинлемегенлик, физикалық шахслардың жеке турмысы ҳаққындағы яки юридикалық шахслардың жумысы ҳаққындағы мағлыўматларды олардың разылығысыз әшкара етиў, физикалық ҳәм юридикалық шахсты мүрәжат еткенлиги мүнәсибети менен яки билдирилген пикири ҳәм мүрәжатындағы сын ушын изине түсиў, сондай-ак, физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары ҳаққындағы нызам ҳүжжетлерин басқаша тәрзде бузыў нызамға муўапық жуўапкершиликке себеп болады.

83. Нызам ҳәм усы Реже талапларына бойсыныўды тәмийинлеў ушын жуўапкершилик район ҳәкими ҳә оның орынбасарларына, канцелярия бөлими ҳәм тийисли структуралық бөлимлер басшыларына жүкленеди.

84. Физикалық ҳәм юридикалық шахслардың арзасы, шағымы усы мүрәжат бойынша нызамға қайшы қарар қабыл еткен лаўазымлы шахслар тәрепинен қанаатландырылған жағдайда, арза ямаса шағым бериў ҳәм оны қарап шығыў менен байланыслы зыянның орны, арзаны, шағымды қарап шығыў ушын тийисли лаўазымлы шахсларының талабы менен орынларға барыўға байланыслы жумсалған қәрежетлердиң ҳәмде усы ўақыт ишинде жойтылған ис-ҳақының орны мүрәжат етиўшиге суд тәртибинде қапланады.

Суд тәртибинде мораллық зыян да компенсация етилиўи мүмкин.

Физикалық ҳәм юридикалық шахстың арзасын ямаса шағымын қарап шығыўда нызам талапларының бузылыўына байланыслы оған келтирилген материаллық зыянның орнын қаплаў ҳәм мораллық зыянды компенсация етиў сыпатында район ҳәкимлиги тәрепинен төленген қаржылар айыпкер шахстан регресс тәртибинде өндирилип алыныўы мүмкин.

85. Мүрәжатлар ҳаққындағы нызам актлериниң бузылыўы, сондай-ақ, жала ҳәм намысқа тийиўден ибарат болған мүрәжаттың берилиўи белгиленген тәртипте жуўапкершиликке себеп болады.

Мойнак районы хакимлигинде физикалык хам юридикалык шахслардын муражатлары менен ислесиу тартиби хаккында Режеге
1-косымша

## Мойнақ районы ҳәкимлигинде физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары менен ислеў СХЕМАСЫ

| Басқышлар | Субъектлар | Илажлар | Орынлаў мүддетлери |
|---|---|---|---|
| 1-басқыш | Физикалық ҳәм юридикалық шахслар | Район ҳәкимлигине мүрәжатларын бериў | Арза бериўшиниң қәлеўине көре |
| 2-басқыш | Район ҳәкимлиги<br>Канцелярия | 1.Мүрәжатларды қабыл етиў ҳәм дизимге алыў, мүрәжатта баян етилген мәселелерди үйрениў<br>2.Мүрәжатларды көрип шығыў ҳәм район ҳәкимлиги қурамындағы бөлимди белгилеў бойынша резолюцияны (тапсырманы) имзалаў ушын ҳәкимге киритиў.<br>3.Мүрәжатларды район ҳәкимлигиниң жуўапкер бөлимине орынлаў ушын жибериў. | 1-2) Мүрәжат келип түскен пайттан баслап бир ис күнинен кешиктирместен<br>3) Резолюция (тапсырма) имзаланған пайттан баслап бир ис күнинен кешиктирместен. |
| 3-басқыш | Район ҳәкимлиги қурамындағы бөлимлер | Мүрәжатларды тийислилиги бойынша басқа мәмлекетлик органына жибериў ҳәм булл ҳаққында мүрәжат етиўшиге жазба яки электрон формада хабарлаў<br>Мүрәжатты төменги буўында турыўшы мәмлекетлик органына жибериў ҳәм булл ҳаққында мүрәжат етиўшиге жазба яки электрон формада хабарлаў | Бес күн ишинде |
| | | Мүрәжатты ис жүритиўге қабыл етиў | |
| | Район ҳәкимлигиниң қурамындағы бөлимниң жуўапкер хызметкери | Мүрәжатларды көрип шығыў, нәтийжесине көре жуўап хатын таярлаў | Арза ҳәм шағымларды көрип шығыў қосымша рәўиште үйрениў талап етилмесе, мүрәжат келип түскен пайттан баслап он бес күннен кешиктирместен<br>Қосымша рәўиште үйрениў талап етилсе, мүрәжат келип түскен пайттан баслап бир айға шекем болған мүддет ишинде<br>Арза ҳәм шағымларды көрип шығыў ушын тексериў өткериў, қосымша мағлыўматларды сорап алыў яки басқа ис-иләжларды көриў зәрүр болған жағдайларда, арза яки шығымды көрип шығыў мүддети район ҳәкимлиги тәрепинен узағы менен бир айға узайттырылыўы мүмкин ҳәм булл ҳаққында мүрәжат еткенге билдириледи.<br>Усыныcларды көрип шығыў бир айдан кешиктирместен<br>Қосымша рәўиште үйрениў талап ететуғын усынислар буннан тысқары, булл ҳаққында усыныс киритken физикалық яки юридикалық шахқа он күнлик мүддет ишинде жазба түрде билдириледи. |
| 4-басқыш | Район ҳәкимлиги яки оның қурамындағы бөлимлер | 1.Мүрәжат етиўшиге жазба формада жуўап хатын жоллаў.<br>2.Мүрәжаттың көрип шығылыўы жоқары турыўшы мәмлекетлик органлары тәрепинен қадағалаўға алынған жағдайларда оларға мағлыўмат бериў.<br>Мүрәжатты көрип шығыў тамамланғанлығын белгилеў | 1)Көрип шығыў нәтийжелери бойынша жуўап хаты имзаланған күнде<br>2-3)Мүрәжат етиўшиге жуўап жиберилген күнде |

Мойнак районы хакимлигинде физикалык хам юридикалык шахслардын муражатлары менен ислесиу тартиби хаккында Режеге 2-косымша

# ЖИСМОНИЙ ВА ЮРИДИК ШАХСЛАРНИНГ МУРОЖААТЛАРИНИ ҚАЙД ЭТИШ КАРТОЧКАСИ

<table>
<tr><td colspan="2">Тартиб рақами:</td><td colspan="2">Савол:</td></tr>
<tr><td colspan="4">Мурожаат қилувчи:</td></tr>
<tr><td colspan="4">Манзили:</td></tr>
<tr><td colspan="3">Мурожаат келиб тушган сана:</td><td>Мурожаат қилувчилар сони:</td></tr>
<tr><td colspan="3">Мурожаатнинг шакли:</td><td>Варақлар сони:</td></tr>
<tr><td colspan="2">Қабул шакли:</td><td colspan="2">Дубликат/такрорий</td></tr>
<tr><td colspan="2">Мурожаатнинг тури:</td><td colspan="2">Олдинги мурожаатнинг санаси ва раками:</td></tr>
<tr><td colspan="2">Назорат тури:</td><td colspan="2"></td></tr>
<tr><td colspan="4">Мурожаатнинг қискача мазмуни:</td></tr>
<tr><td colspan="4">Резолюцияни (топшириқни) имзолаган раҳбар:</td></tr>
<tr><td colspan="3">Раҳбарнинг резолюцияси (топшириғи):</td><td>Бажариш муддати:</td></tr>
<tr><td colspan="3">Таркибий бўлинма:</td><td>Ижрочи:</td></tr>
</table>

<table>
<tr><td colspan="3">Мурожаатларни кўриб чиқишнинг ҳолати</td></tr>
<tr><td>Юборилган сана</td><td>Қаерга юборилган</td><td>Жавоб хатининг рақами ва санаси</td></tr>
<tr><td></td><td></td><td></td></tr>
<tr><td>Муддати узайтирилган:</td><td colspan="2">Ким томонидан: (имзо)</td></tr>
<tr><td>Жавоб хати келган сана:</td><td></td><td></td></tr>
<tr><td colspan="3">Кўриб чиқиш натижаларининг қисқача мазмуни:</td></tr>
<tr><td>Назоратдан олинди (ким томонидан):</td><td colspan="2">Бажарувчининг имзоси:</td></tr>
<tr><td>Сана:</td><td colspan="2">Бажарилган сана:</td></tr>
<tr><td colspan="3">Мурожаатни куриб чикиш муддати бузилганлиги хакидаги белги:</td></tr>
</table>

Мойнақ районы ҳәкиминиң
2018-жыл «7» май
05/593 -санлы шешимине
2-қосымша

**Мойнақ районы ҳәкимлигиниң өз күшин жойтқан деп есапланатуғын шешимлери ДИЗИМИ**

1.Мойнақ районы ҳәкиминиң 2015-жыл 1-май күнги «Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесиниң 2015 жыл 6-апрелдеги ««Қарақалпақстан Республикасы Министрлер Кеңесинде физикалық ҳәм юридикалық шахслардың мүрәжатлары менен ислесиў тәртиби туўралы» Үлгили нызамды тастыйықлаў ҳаққында»ғы 82-санлы қарары ҳаққында» 05/344-санлы шешими.

2.Мойнақ районы ҳәкиминиң 2017-жыл 14-сентябрь күнги 09/1060-санлы шешими.